


# NDINOZIVA MUDZIKINURI

## WANGU ANORARAMA

 ...mazuva ose matsvene, rino ndiro zuva, zuva rerumuko. Uyai pamwe chete nomufaro wemoyo, nokuti Anorarama. Zvino Akati, “Nokuda kwekuti Ndinorarama, nemi munoraramawo.” Uye itariro yakadini iyi, iyo yatinokwanisa kuzorora pairi, mangwanani ano.

<sup>2</sup> Iye zvino tisati tava neMharidzo yemangwanani, ngatikotamisei misoro yedu, tipfuurire zvisoma, kuti tinamate.

<sup>3</sup> Mwari vanodikanwa, tinotenda mangwanani ano, kuve vanhu vanodanwa neZita reNyu. Tinofara kwazvo kuti hatingoita zvekufungidzira, zvachose, pamusoro perumuko rukuru rwuri kuuya; nokuti rwave mazvirokwazvo kwatiri, patiri kuzviverenga muShoko reNyu, uye nokuona kuti Makazvivimbisa, uye nokuzvinzwa mukati memoyo yedu, kuti Jesu anorarama . . . [Chibenga patepi—Mupepeti.]

<sup>4</sup> O, tiri kufunga, mangwanani ano, pamusoro pekurwadziswa kwemoyo kwakawanda kwakavapo nemuhupenyu, pamwe kusuwa kwakawanda kwatakapfuura nemakuri, uye nezviitiko zvakatitsemura, ndokutikandira kumhepo dzenyika. Kuti takaviga sei vadikanwi vedu, uye tikachema paguva. Uye moyo yedu—yedu inoita sokunge ichaparara mukati medu. Asi, ipapo, tinokwanisa kufunga nezvanhasi, o, kuti zvinorevei kuti Jesu akamuka kubva kuvakafa! Akaparadza simba rose remuvengi, paAkamuka, akakunda. Akabvisa mimvuri yose. Iye zvino tinofamba muchiedza chakakosha chekumuka kwaKe.

<sup>5</sup> O, tinokwanisa kufungidzira, chimwe chiuru chine mazana mapfumbamwe emakore, kana kudarika, mangwanani ano, apo mamwe madzimai maduku maviri ari munzira yawo vachikwira kuenda kubwiro, vachinetseka kuti ndiyani aizobvisa dombo. Asi Mwari vakanga vatoribvisa kare. Uye Uyo akanga akachengetwamo, akanga amuka kubva kuvakafa zvino ndokutaura navo. Zvino akati, “Endai, munoudza vadzidzi vaNgu, naPetro, kuti Ndichanosangana navo muGarireya.”

<sup>6</sup> O, tinoKutendai zvakadini nokuda kwechiitiko chikuru ichi, chokuti tichiri kukwanisa kupupurira rumuko urwu, uye rwuchiva rwemazvirokwazvo kwatiri sezvarwaive kwavari mangwanani aya, nokuti Akamuka kubva kuvakafa.

<sup>7</sup> Tiregerereiiwo zvivi zvedu uye nokukundikana kwedu, zvose zvatakaita kana kutaura, kunyangwe kufunga, zvanga zvakaipa, Ishe. Tinonamata kuti Mugotiregererawo nokuda kwezvinhu izvozvi. Uye tisimbisei, zvakadzama. Swederai

pedyo, mangwanani ano. O, nguva zhinji munenge Makamira mumimvuri, kana matambudziko edu akadzama kwazvo.

<sup>8</sup> Paya Maria paakabva pabwiro mangwanani aya, uye ainge achichema, zvino akanzwa Inzwi kumashure kwake, ndokuti, “Unochemei?” Akanga angori kumashure kwake, achingotarira zvakanga zviri kuitika. Zvino paAkataura zita rake, moyo wake unofanira kunge wakasvetuka zvakadini nomufaro, nokuti Ishe vake vakanga vamuka kubva kuvakafa.

<sup>9</sup> O, taurai nesu mangwanani ano, Ishe. Tipeiwo Shoko reNyu neMweya weNyu. Uye mutisimbise, patsva, mangwanani ano, apo tiri kutaura nezvevaporofita neavo vakasiyana-siyana vakambomirira nguva huru iyi.

<sup>10</sup> Uye tinomirira rumuko rwevose mumazuva okupedzisira, apo Ishe wedu achadzoka zvakare. Kusvikira tazosvika ipapo, Ishe, tichengetei tine hutano, tichifara, takazara nomufaro, tichifarisisa. Uye tisingarame nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari, dai tawana kurarama kwedu. Zviitei kwatiri, Baba, nokuti tazvikumbira nemuZita raKe, Uyo akamuka kubva kuvakafa akatipa gutsikano yerumuko rwedu. Amen.

<sup>11</sup> Pandanga ndichiuya ndichidzika nemugwagwa munguva shoma yapfuura, uye ndanga ndiri kufunga, apo shiri dzanga dziri kuimba, kuti inguva yepfumvudza yakadini nhasi! Mushure. . .Kuti Esta yakafanira zvakadini! Mushure mokunge chando chikuru chitema chinotonhora chapfuura, uye nemadutu acho ose nezvakadaro, zvino kwozobva kwabuda mushana. Zvino kuuya kwezvava kunounza hupenyu hutsva, tariro itsva, mwaka mitsva, zvirimwa zvitsva, maruva matsva. Zvinhu zvose zvinouya kuhupenyu. Uye kuti munhu, kunyangwe uyo anga asina Bhaibheri rokuverenga, anotokwanisa kuziva zvakadaro kuti kuna Mwari. Kana akangokwanisa kutarisa zvisikwa, maendero nemadzokero azvo; matsutso egore ndiko kurovererwa; pfumvudza yegore ndirwo rumuko; zvino zvinongoona Mwari muzvinhu zvose.

<sup>12</sup> Uye ndanga ndichifunga, pandanga ndichinzwa shiri dzangu diki dzichiimba, kunze muruvane mangwanani ano, tumarobin twangu tuduku, sokungotuda kwandinoita. Ndinotudana kuti tumaredhiyo twangu tuduku. Zvino ndinobuda kunze ndobva ndabatidza redhiyo yangu, ari mangwanani, ndoteerera kwairi.

<sup>13</sup> Uye, zvino, munoziva rungano rwuduku rwerobin. Kaive kashiri kuduku kebhorauni, maererano nengano yacho, kusvikira musi weChishanu Chakanaka. Zvino pakanga paine Mumwe akanga ari kufa, ari oga, uye pakanga pasina mumwe aiMubatsira. Zvino Akamira ari oga. Uye Akanga akarovererwa, uye pamuchinjikwa. Zvino kamwe kashiri kaduku kebhorauni kakanga kari kuedza kuMununura kubva pamuchinjikwa. Zvino mukusvetukira kachimhara nokubhururuka, pazvipikiri, uye

nepaminzwa yaive mumusoro waKe, kakaita kuti dundundu rako rose ritsvuke neropa, uye kubvira ipapo rakazenge ratsvuka.

Zvino ndakafunga, “O Mwari, ndiyo mhando yehowo yandinoda.”

<sup>14</sup> Zvino kana mukacherechedza karobin kadiki pakanenge kachizvikwenya. Muzasi chaimo mepatsvuku peminhenga, pane hutema, zviri zvakaita mimwe yose minhenga yako. Asi nhowo tsvu—tsvuku inoichengetedza.

<sup>15</sup> Ndizvo zvandinoda. Zvisinei kuti tingaedza kuva takanaka zvakadini, tichingori vatadzi. Asi nhowo tsvuku duku iyi ndiyo yoga yazvinotora kuiita kuti inge yakasiyana nedzimwe shiri. Ndizvo zvoga zvazvinotora kutiita kuti tinge takasiyana nyenika, kangori kanhowo kaduku kaya, katsvuku kenya dzaKe.

<sup>16</sup> Tauya mangwanani ano eEsta, sezvakaita mangwanani eEsta ega-ega atinotarisisira, kuti tiungane rungwanangwana rwuno rwepakubuda kwezuva. Uye wanga uri mukana wangu wakanaka, kwemakore akapfuura akawanda, kuuya kuno kutabhanakeri nokuzobhabhatidza vanhu, pamwe nokuvaparidzira rumuko rwaIshe Jesu.

<sup>17</sup> Uye pandainge ndiri kunzvera, manheru apfuura, munguva yedutu, uye ndichifunga, “Ndeapi angava mashoko akafanira okutaura, mangwanani, pashumiro ino yerumuko?” Zvino pfungwa dzangu dzawira pachidzidzo ichi chichangobva mukuverengwa nehama yedu, chaJobho chitsauko 19, uye ndi—ndima 23 kusvika 27. “*Ndinoziva Mudzikinuri Wangu Anorarama,*” akadaro Jobho. Zvino ndasarudza izvozvo sechidzidzo.

<sup>18</sup> Uye patinouya, sei tiri kuuya? Kuitira chinangwa ichi, bedzi, kuti tigowana tariro itsva.

<sup>19</sup> Tiri panyika pano, uye tinoziva kuti tiri kurarama murima. Hatifanire kungoita sokufungidzira zvinhu izvi, kana kuzvinyengera, tingadaro, nokuti tinoziva kuti tiri kurarama mumimvuri yerufu. Nguva yose yatinonzwa amburenzi ichirira, patinopfura nepamarinda, patinoona chipatara, imvi yose, zvinonyora mundangariro dzedu kuti tiri vanhu vakaparara, kune vose vaduku nevakuru.

<sup>20</sup> Zvino tinouya pamangwanani akadai, kuzatora tariro, dzimwe tariro itsva dzeizvo zvatavinga pano, uye kuti chii chinangwa chacho. Uye ndinofunga kuti ino inguva yakaisvonaka yokufunga nezvetariro dzatakapiwa naMwari. Iye zvino tinoda kuisa izvi, kutanga, mupfungwa yedu, kuti hapana kana chinhu chimwe chete chingatiparadza kusvikira chinangwa cheUyo Akatisika chazadzikiswa. Hapana chinogona kuvepo. Pane chinangwa chatakagadzirirwa.

21 Kereke ino ine chinangwa chayakavakirwa pano. Nheyo iyi haina kucherwa, nedombo repakona ndokuiswa, nemazidhinha akaiswa mu—muchivakwa, uye nedenga nezvemukati, hazvina kuiswa pano kungoona kana zvichigona kuitwa. Zvakaiswa pano pane chinangwa, kana kuti nechinangwa.

22 Imba yako yaunogara mairi, haina kungoiswa ipapo netsaona, kana kuti mumwe munhu aingotambisa hake nguva. Imba yako yakagadzirirwa chinangwa, kuzadzisa chinangwa.

23 Kana uri watyaira, mangwanani ano, pano, mumotokari yako, motokari iyoyo haina kugadzirwa kungoona kana ichigona kugadzirwa. Zvakashandiswapo hazvina kutambiswa nevanhu. Yakaiswa pano kuitira chinangwa, pamwe nokuzadzisa chinangwa.

24 Nguwo dzamunopfeka, zvaisave zvekungoona kana mumwe munhu aikwanisa kugadzira chimwe chinhu. Dzaiva nechinangwa.

25 Chikafu chaunodya, hachina kurimwa panyika kungoona chichikura. Chakaitirwa kuzadzisa chinangwa.

26 Uye Mwari havana kungogadzira muti kuti ungovva muti. Akagadzira muti kuitira chinangwa.

27 Uye Mwari havana kugadzira iwe neni, kuti vangoona kana Vachigona kuzviita. Vakatigadzira kuitira chinangwa. Nokudaro, pane chinangwa chokuva kwedu tose pano. Hausi pano kuti ungovazve mumwe munhu. Uri pano nokuda kwekuti Mwari vane chinangwa chavakakugadzirira. Hausi pano kungodya bedzi chikafu chakarimwa naMwari. Hausi pano kungogara muimba iyo—iyo yakagadzirwa nemunhu, kana kupfeka hanzu idzo dzakagadzirwa nemumwe munhu. Uri pano kuitira chinangwa chakatsaurwa. Hazvinei nokuti uri mudiki zvakadini, uri mukuru zvakadini, wakakosha zvakadini, kana kuti hauna kukosha zvakadini, uri pano kuzadzikisa chinangwa.

28 Sezvakangoita, munwe wangu uri pano kuitira chinangwa. Nzara yangu iri pamunwe wangu ine chinangwa. Ziso rangu, uye nenhengo yose yemitumbi yedu, inozadzisa chinangwa. Uye haina kuiswa pano kungoona kuti inoratidzika sei kana ichinge yaiswa pano, asi yakaiswa pano kuti izadzikise chinangwa chayoyi. Raive zano raMwari reMweya kudaro.

29 Zvino kana paine chinangwa chatakaisirwa pano, zvararo hapana chinhu chinogona kutiparadza kusvikira chinangwa chaMwari chazadzikiswa. Hapana chinogona kutikuvadza kusvikira chinangwa ichocho, chatakaisirwa pano naMwari, charatidzwa. Zvisinei kuti tine dambudziko rakadini, kurwadziswa pamoyo kwakadini kana kusuwa kwatinopfura nemakuri, zvose izvi zvikonzero, uye pane chikonzero chazvo.

30 Tichatora, semuenzaniso, Nowa, muBhaibheri. Pane mafashama akauya, zvino nyika yose yakaparadzwa. Zvirimwa

nezvinhu zvose zvakaparadzwa kunze kwaNowa nembeu yaakanga aenda nayo muareka.

<sup>31</sup> Chinangwa chaMwari hachigoni kumbofa chakakundwa. Hapana chinogona kuchikunda. Saka tinofanira kunge tichifara zvakadini nhasi, takazorora pachizaruro chakanaka cheShoko raMwari mupenyu, chokuti hapana zvinhu zviripo, kana zvinhu zvinogona kuuya. Hapana hurwere, hapana kusuwa, hapana rufu, hapana njodzi, hapana kana chinhu chinokwanisa kutipatsanura kubva pachinangwa chaMwari mupenyu. Izvo Mwari zvavakafunga mundangariro dzaVo, izvo Mwari zvavakatsunga mumoyo mavo, kuti zviitike; hapana dhimoni, hapana simba, hapana kana chingagona kupatsanura zano guru raMwari risingafe, remunaZiendanakuenda. Zvinofanira kuva sezvakataurwa naMwari.

<sup>32</sup> Zvino tinoona, kuti mumazuva apo nyika yose yakanga iri kuzoparadzwa nemafashama, kuti Mwari vakaita gadziriro. Gadziriro yokuitirei? Kuchengengetedza chinangwa chaVo. Vakazviita mumazuva aNowa.

<sup>33</sup> Zvino Vari kuzviita nhasi. Vakaita gadziriro, kuchengengetedza kuitira chinangwa chaVo. Vanochengetedza Kereke. Vanochengetedza vanhu. Vanochengetedza vanhu kuitira humambo hwaVo hukuru, avo vasingagone kuparadzwa nerufu. Uye tinocherechedza kuti tinozvitenda kubudikidza nokutenda, asi rumuko rwunogadzira nheyo yakasimba panozororera kutenda kwedu. Hapana chinogona kuchiparadza. Sanyanduri akanyora pane imwe nguva:

O, kufanoravira kwakadini kwekubwinya  
kwaMwari!  
Mudyi wenhaka yeruponiso, akatengwa  
naMwari,  
Akabarwa neMweya waKe, akashambwa  
muRopa raKe.

<sup>34</sup> Kusimbiswa kwakadini, paDombo iri rakasimba, rumuko rweMudikanwa wedu akakomborerwa, Ishe Jesu. Hapana chinogona kuchiparadza. Chakadyarwa. Iyo iMbeu yaMwari. Chitori chinangwa chaMwari kutipa Mweya Mutsvene. Chitori chinangwa chaMwari kutiratidza zviratidzo nezvishamiso neminana. Chitori chinangwa chaMwari, uye hapana chinokwanisa kuchiparadza. Ose masimba egehena anogona kuchirwisa, asi chinokunda. Tine vimbiso yaMwari yemunaZiendanakuenda. Panogona kuva nevadzidzisi, panogona kuva nezvitevedzwa zvinosimuka, panogona kuva nezvirongwa zvakakura zvinosimuka, panogona kuva nezvinhu zvinoratidzika sokunge chinozoparadzwa, asi hazvibviri kuti chiparadzwe. Chitori chinangwa chaMwari kuona kuti chichakunda. Zvadaro, hazvinei neni, uye hazvinei newe, kuti chichaparadzwa here kana kuti kwete. Zviri kuna Mwari.

Uye tinokwanisa kuzorora takagutsikana pachiri, kuti Mwari havazomboregi nhaka yedu ichiparadzwa, nokuti chinangwa chaVo kuipa kwatiri.

<sup>35</sup> Iye zvino tinozofungawo, zvakare, nhasi, pamusoro pekuparadza, kuri kuedza kuparadza. Tine vimbiso yaKristu pachaKe.

<sup>36</sup> Tinofunga nezvevana vechiHebheru, Mwari pavakanga vaine chinangwa navo. Pavakanga vari zasi muBhabhironi, uye biravira ndokuitwa kuti ripise zvakawedzerwa zvapaketwa kanomwe kudarika kupisa kwarakamboita, kuparadza chinangwa chaMwari. Uye Bhabhironi rose rakanga riine ukasha. Vaive vatsunga, Satani aive akadaro, kuparadza chinangwa chaMwari, nokuti aiziva kuti vana ava vakanga vari kuzopinda mubiravira. Saka akagadzira biravira, pavakariita kuti ripise, nokupisa kwakawedzerwa zvapaketwa kanomwe, kuti pave nechokwadi chokuti hurongwa hwaMwari hunobva hwaparadzwa. Asi Mwari vakanga vachida kuratidza simba raVo, uye Bhabhironi rose negehena rose hazvina kukwanisa kukunda chinangwa ichocho. Kwete, changamire. Hazvina basa kunyangwe dai vakaita kuti biravira riwedzere kupisa zvapaketwa kamiriyoni, haraigona kunge rakaparadza chinangwa chaMwari. Mwari vaida kuratidza kuti Vaiva Mwari werudzikinuro, uye Vanounza rudzikinuro kuna ani hake waVanoda kuunzira, uye hapana chinovhiringidza hurongwa hwaVo.

<sup>37</sup> Saka pavakaita kuti biravira ripise, Shadraki, Misheki naAbedinego havana kana nepaduku pose kumboziva kuti vachazobuda kubva mubiravira iroro. Nokuti vakati, pachavo, “Mwari wedu anokwanisa kutidzikinura. Asi, zvisinei, hatisi kuzogwadamira chimupunzo.” Mwari vaiva nemumwe munhu aizoVashumira, uye chinangwa chaVo hachaizokundwa. Moto haukwanise—haukwanise kukunda chinangwa chezano raMwari.

<sup>38</sup> Uye, o, ndinoda sei kutaura izvi, mangwanani ano. Mabhambu ose ehydrogen ari pasi rose haakwanise kukunda rumuko rweKereke yaKe. Kutsanangura kwese kwekuti hazvisi, pamwe nemasvomho ose, ne—nezvimwe zvakadaro, izvo nyika ino ine njere yakaviga, kubudikidza nechinangwa chayo chokuita chimwe chinhu, chokuparadza kutenda kwevana vaMwari, hachimbofi chakazviita. Kutenda ikoko kunorarama nokusingaperi.

<sup>39</sup> Chaive chiri chinangwa chaMwari kuratidza kuti Vaiva nesimba pamusoro pezvikinga zvemusango zvemunyika. Zvino vakaisa shumba mubako pane imwe nguva. Zvino vakange vadzinyima chokudya kusvikira dzakaziya nenzara kwazvo, zvokuti dzaikwanisa kubvanzaura mu—munhu kuita zvidimbu-zvidimbu, pakungomubata kamwe chete. Zvino dhiyahbhore

akafunga, “Zvirokwazvo, ndichakwanisa kuparadza muporofita uyu, Dhanieri.”

<sup>40</sup> Asi Dhanieri akanga atsunga mumoyo make kuti ave anoita chinangwa chaMwari. Zvino Mwari vakanga vaisa izvozvo mumoyo make. Dhanieri asati agona kuva nechishuwo ichi, paifanira kuva nechimwe chinhu chaisika chishuwo ichocho. Asati agona kuva nokutenda ikoko, paitofanira kuve nechimwe chinhu chakamuudza kuti kwaiva naMwari anogona kudzikinura.

<sup>41</sup> Uye, o, kuti izvozvo zvinoenderana zvakadini mangwanani ano, nekutenda, kutenda kunorarama kwaMwari mupenyu, muKereke yaKe. Pane chimwe chinhu mumoyo medu chinotaura kuti pane Nyika iri mhiri kwerwizi. Handikwanise kuisa munwe wangu paNyika yacho, uye hapana kana munhu anokwanisa, asi pane chimwe chinhu mukati medu chinotiudza kuti:

Bwiro handiwo magumo awo;  
Uye uri guruva, unodzokera kuguruva,  
Hazvaitaurwa kumunhu wemukati.

<sup>42</sup> Pane chimwe chinhu mukati medu, moto uri kubvira, chiedza chakabatidzwa naMwari, uye hapana mhengo inogona kuchidzima. Hapana nguva dzekutondhora mukereke, hapana kushaya hanyi pakati pevanhu, hapana kutambudzwa nenyika, kunokwanisa kudzima rimi remoto wakabatidzwa naMwari. Nokuti chinangwa chaMwari kuti chiedza chaVo cherusununguko chakatangidzwa chichabvira kusvikira paKuuya kwaShe, uye hapana simba rinokwanisa kuchidzima. Zvinozongoitwa kuti chiwedzere kujeka pazvinofuridza. Zvakaratidzwa nemumazera kuti kutambudzwa kunosimbisa Kereke.

<sup>43</sup> Zvino Dhanieri, asiri kuziva kuti Mwari vachazoviita sei, uye asiri kuziva kana Mwari vakanga vari kuzoviita, asi achiziva kuti Vanokwanisawo, zvakare, kuzoviita, uye achiziva kuti chimwe chinhu zasi mukati make chakamuudza kudaro. Munooni, Mwari vaiva nechinangwa. Vaiva nezvinhu zvose zviri kushanda kutira chinangwa ichocho.

<sup>44</sup> Uye zvose, nhasi, hazvina basa kuti tinoita sokushaya hanyi pane dzimwe nguva, uye kuti zvinhu zvinofamba nenzira isinganzwisike zvakadini, uye kuti kereke inopinda muchinhano *ichi* nechinhano *icho*, chose chiri chinangwa chaMwari cheKudenga chokutiumba nokutigadzira nenzira yaVo Vomene. Ndiyani anokwanisa kugadzira zvinoshandiswa kudarika Musiki?

<sup>45</sup> Zvino shumba hadzina kugona kudya muporofita, nokuti Mwari vakatumira Ngirozi. Vaiva neNgirozi yaive yakamira ipapo kuti ichengege muporofita uyu, nokuti Mwari vaiva nechinangwa. Vaida kuratidza mambo uya ane humbimbindoga ruwoko rwaVo rwune simba pamwe nechinangwa chaVo.

<sup>46</sup> Ndinofunga kuti ndizvo zviri kuitika nhasi, kuti Mwari vari kugadzirira vanhu, vaVanogona kuratidza ruwoko rwaVo rwune simba, kuti vazadzikise chinangwa chaVo chine simba. O, ndinofara kwazvo, mangwanani ano, kuti Vanorarama mumoyo mangu, kuti haVasi Mwari vakafa. Ivo ndiMwari mupenyu. Uye zasi pakadzika mandiri . . .

<sup>47</sup> Nezuro mangwanani, ndakanga ndigere muchigaro chekugererwa, kuti ndigerwe vhudzi. Mumwe muchinda wechidiki akanga achigera vhudzi rangu, zasi munzvimbo yeHama Egan. Zvino ndakanga ndakangogara ipapo, ndakatsikitsira musoro wangu. Uye, o, ndainge ndakaneta kwazvo. Misangano yangu yainge yakareba kwazvo, zvino ndiri kuedza kuti ndibve ndichienda, ave mangwanani, kuitira kazororo kaduku misangano inotevera isati yatanga. Zvino ndakanga ndakaneta kwazvo, zvichiita sokunge moyo wangu waizongogona kumira kurova. Zvino pandainge ndigere ipapo, kamwe-kamwe, ndaikwanisa kunzwa munhu wese achitaura, asi zvaiita sokunge ndakanga ndiri kunze muchadenga.

<sup>48</sup> Ndakafunga, “Asi moyo wangu wamira kurova, uye ndiri kubva muchigaro ichi chekugererwa?” Ndakafunga, “Handizive kuti ndizvo zviri kuitika here?” Ndakabata mawoko angu; aiva nechiveve. Uye moyo wangu wakaita sokunge wainge wamira kurova. Zvino ndakafunga, “O, asika pane Evhangeri inofanira kuparidzwa. Uye hapana simba rinokwanisa kunditora kusvikira chinangwa chaMwari chazadziswa.”

<sup>49</sup> Hapana chinhu chinogona kundikuvadza, kana chinhu hacho, kusvikira chinangwa chaMwari chazadziswa. Kana ichocho chazadziswa, ndinoda kuenda nechinangwa chaKe. Kana Achinge apedza, ipapo neniwo, zvakare. Kana Achinge apedza neni, ini ndapedzawo nehupenyu.

<sup>50</sup> Kana Achinge apedza newe, watoperawo, zvakare. Saka zvinoita mutsauko wei? Mwari vakazvibata zvose muruwoko rwaVo. Zvisinei kuti tiri vadiki kana vakuru, hatizive kuti ndirinhi pachazadziswa chinangwa chaMwari uye chapedziswa. Mwari vanatora vacheche vadiki, dzimwe nguva, kuratidza kuti Vanokwanisa kutungamirira munhu wavo wemukati muduku. Zvinhu zvose zvaVanoita zvine chinangwa. Vakati, hapana kana kadhimba kanogona kudonha kubva kudenga, iVo vakasazviziva. Zvinhu zvose zvinoenderana nechinangwa chaVo, chaipo paawa yacho nepanguva yacho. Zvose zviri muzano raVo rohuMwari. Hapana chinogona kuparadza.

<sup>51</sup> Kwaive kugutsikana kwakadini kuna Abrahama, mushure mokunge awana Mwari, uye ave kuziva kuti Mwari vaiva nechinangwa. Kutu, muchinangwa ichi, Vakanga vari kuzounza, kubudikidza naAbrahama naSara, mwanakomana. Uye kubudikidza nemwanakomana uyu, Isaka, kwaizouya Ishe Jesu. Zvino muchinangwa ichi, Vakanga vari kuunza Sara



naAbrahama, uye vaizovaita vanhu vakuru zvino vozounza mwanakomana uyu; vachitora vanhu vari muchinhano chakaipisisa vaivepo, vokuzviita navo.

<sup>52</sup> Zvinoshamisa zvakadini, kuti Mwari vanofamba nenzira dzisinganzwisike! Zvakanaka, zvairatidzika kuti, dai Vaida kuunza mwana muno, munyika saizvozvo, Vangadai vakatora mumwe mudzimai anobereka. Zvinoratidzika kuti Vangadai vakatora mumwe murume aibereka. SaAbrahama na Sara, vakanga vakaroorana kwemakore mazhinji, kwazvo, uye mudzimai aisabereka. Haaikwanisa kuita mwana. Saka, zvairatidzika kuti, ipapo, Vangadai vakatora mumwe mudzimai wechidiki aigona kubereka, aigona kunge akaunza mwana uyu. Asi Mwari vanoda kuratidza nyasha dzaVo. Mwari vanofarira kutora chimwe chinhu chisina basa zvino vagogadzira chimwe chinhu chine basa kubva kwachiri, nokuti iVo Musiki.

<sup>53</sup> Ndosaka vakatora iwe neni. Taive tisiri chinhu, kuti Vazogadzira vana vari vaVo pachaVo, kubva kunesu isu taive nenhamo, nekusuwa, nekurasika, nekupofomara, uye tisingadiike, kutiita vana vaVo vanodikanwa. Chinangwa chaMwari kuita zvakadaro.

<sup>54</sup> Zino ipapo, zvakare, zvinoratidzika sokuti Mwari vangadai vakatora mudzimai wechidiki nemurume wechidiki, kunge vakazviita izvi, mudzimai wechidiki nemurume wechidiki vakanga vachangobva mukuroorana. Vaigona kunge vakati, “Zvino, manga musina vana. Uye Ndichakuitai kuti, mwanakomana wenyu wekutanga aberekwe, uye Ndichazo... Ndiye achazova Isaka waNgu.”

<sup>55</sup> Asi Mwari vakasarudza murume ane makore makumi manomwe nemashanu okuberekwa, nemudzimai ane makumi matanhatu nemashanu, kuti vaite chinangwa chaVo, kuratidza kuti unokwanisa kuva chero wechidiki kana uyo akura, Mwari vachiri kugona, uye vachadaro, kushanda chinangwa chaVo. Chaizvoizvo. Zvino Abrahama paakanga aine makore makumi manomwe nemashanu, akawana vimbiso yaMwari. Akaiudza kuna Sara.

<sup>56</sup> Zvino dhiyabhore akati, “Munombozivei? Ndichangozviti nonotsei kwechinguva. Ndinotenda kuti ndikavasvitsa pakuchemberesa, vacharasikirwa nekutenda, uye vachaziva kuti hazvigone kuitika. Kana vave nenhetemwa kare pamakore makumi manomwe nemashanu; kana ndikangogona kuti asavepo kwechinguva!” Zvino akamuchengeta asipo kusvikira Abrahama naSara vakanga vakwegura pazera, vhudzi rachena nemapendekete akombama.

<sup>57</sup> Zvinongoratidza bedzi kuti hapana chinogona kukunda chinangwa chaKe. Kunyangwe kana rufu harugone kukunda chinangwa chaKe. “Abrahama akanga akangoita seakafa.” Uye chibereko chaSara chakange chakatofa kwemakore

makumi mana kana makumi mashanu, asi hapana chinogona kukunda chinangwa chaMwari. Muviri wake wakange wachembera; waive waunyana; tsinga dzemukaka dzakange dzaoma. Moyo wake wakanga warukutika kwazvo zvokuti hawaikwanisa kunge wakapfuura nemunguva yekusununguka. Asi Mwari vakatiita kuti tizive ipapo, kuti chinangwa chaVo hachizokundwi. Vakashandura Sara, zvino ndokumuita mudzimai wechidiki zvakare. Zvino ndokutora murume, ane makore zana okuberekwa, ndokumudzoserera kuhujaya hwake.

<sup>58</sup> Hazvina basa kuti zvinogona zvakadini kuita sokunge zvisina maturo, Mwari vakapa vimbiso. “Zvino Abrahamu haana kudzadzarika pavimbiso yaMwari, nekusatenda; asi akanga akasimba, achipa rumbidzo kuna Mwari, nokuti akaMuona, kuti Aikwanisa kuita zvaAkanga avimbisa.”

<sup>59</sup> Saka tinofanira kuvei mangwanani ano? “Tiri vana vevimbiso yaKe. Kana takafa tiri muna Kristu, tiri Mbeu yaAbrahama, uye tiri vadyi venhaka pamwe chete naYe, nevimbiso.” Zvadaro, hazvina basa kuti hurwere hwakadini hunouya, imhandoi yerufu rwatinofa, hurombo hwakawanda zvakadini hwatinopfura nemahuri, chinangwa chaMwari hachigoni kukundwa. Vachatimutsa zvakare. “Nokuti Ndinorarama, nemiwo muchararama.” Ndiyo tariro yedu.

<sup>60</sup> Pandinoziva, nhasi, riri zuva rangu randakazvarwa, zvino ndave kuva mutana. Ndikazvitarisa pachangu muchiringiriro zvino ndinoona kuti mukomana mudiki uya, akavaka tabhanakeri ino, haachisiri mukomana muduku uya zvachose. Ave kuva murume akwegura, mapendekete ave kukombama, ndebvu dziri kuchena, vhudzi riri kudonha, asi hapana chinokwanisa kukunda chinangwa chaMwari. Hapana chinogona! Nokudaro ndinonyatsozorora zvizere pavimbiso, “Nokuti Ndinorarama, nemiwo muchararama.” Ndinobatana naJobho wakare, “Ndinoziva mudzikinuri wangu anorarama, uye napazuva rokupedzisira Achamira panyika.” Chinangwa icho china Mwari. Ndinofanira kushumira chinangwa ichi. Hupenyu hwangu hwese hunofanira kuunzwa muchinangwa chaKe, nemuhurongwa hwaKe. Mumwe nomumwe wedu ndizvo zvaari. Mwari vane chinangwa chekuti . . .

<sup>61</sup> Mutana Abrahamu aikwanisa—kwanisa kutsungirira, seiMuona Uyo asingaoneki, nokuti chaive chinangwa chaMwari, kuti azive kuti Mwari vakanga vamupa vimbiso. Izvo, zvisinei kuti zvinhu zvose zvairatidzika sezvaipesana zvakadini, Mwari vakapa Abrahamu vimbiso iyoyo. Saka, Mwari vakazadzikisa vimbiso yaVo. Vakazviita, kuna Abrahamu. Vakazviita, kuvana vaVo vose. Uye Vachachengeta vimbiso yaVo.

<sup>62</sup> Akanga ari Mosesi, paakanga adzidziswa muhuchenjeri hwese hwemuEgipita, paakaziva kuti Mwari vaiva nechinangwa muhupenyu hwake.

<sup>63</sup> Aiva Jokebhedhi, amai vake, vakatora mucheche wavo anodikanwa, mucheche aiva nerunako kudarika vose panyika, panguva iyoyo, kamuchinda kaduku kaitapira; zvino ndokumuisa muareka ndokumusundira kunze uko muNairi, umo makarwe akanga akora nokuda kwevana vechiHebheru, nokuti vakanga vachivapa sechikafu kumakarwe. Zvino akatora mucheche wake ndokumusundira mumukanwa chaimo merufu, achiziva izvi, kuti chinangwa chaMwari hachigoni kukundwa. “Mwari waAbrahama, chengetai mwana wangu, uye mumuunze kuchinangwa chaMakamuunzira.” Maive musina mvura yakakwana muNairi yaigona kumunyudza. Kwakanga kusina makarwe akakwana pasi rose aigona kunge akamumedza. Aiva musanangurwa waMwari.

<sup>64</sup> Uye sezvo aive musanangurwa waMwari, kuitira chinangwa ichocho, isu tiri vasanangurwa vaMwari nhasi, vanotenda murumuko rwaIshe Jesu. Zvino hapana mabhambu, hapana gehena, hapana kana chii zvacho chimwe chinogona kuparadza chinangwa chaMwari. Tinofanira kuenda murumuko. Ivimbiso yatinayo yaMwari. Chinangwa chaMwari.

<sup>65</sup> Zvino, Mosesi, paakasvika pamakore makumi mana okuberekwa, murume wezera repakati nepakati, uye akanga adzidziswa muchikoro. Asi Mwari vane nzira yakanyatsogadzirwa, dzimwe nguva, yokuita kuti zvinhu zvaVo zvizadzikiswe, zvaVanenge vavimbisa. Zvokuti Vakatora Mosesi kumuendesa kuseri kwegwenga, ndokumurega achinzwa kuchema nezvinotyisa, paaidzadzarika murenje. Zvino sezvo seri ikoko, ari ega mumagwenga, nemhepo dzaiita ruzha rwekuungudza, marize nemhungu, uye, ari oga, kunze uko murenje, kusvikira akatopotsa aparara. Hapana chinogona kukunda chinangwa chaMwari. Mwari vakanga vaunza Mosesi ipapo, zvino Mosesi akatozoita izvo zvaakanzi naMwari aite, nokuti chinangwa chaMwari hachigoni kukundwa.

<sup>66</sup> Anga ari munhu wedu, mangwanani ano, Jobho, apo paakanga ari pakadzamisa pekutambudzika kwake, apo hupfumi hwake hwese hwakanga hwabva paari. Vana vake vakanga vafa. Muviri wake wakanga wakamera mamota. Zvino akanga ari pakutambudzika kukurusa kwaakanga asati ambova makuri. Agere padurunhuru, aine chimedu chehari, achipara mamota. Zvino mudzimai wake pamukova, “Wadini watuka Mwari wafa?”

<sup>67</sup> Apo nhengo dzemukereke yake dzakamufuratira, kwemazuva manomwe, uye vachimupomera. Apo, vaifanira kunge vari kumunyaradza. Asi vaimupomera mhosva yokuva mutadzi wepakavanda, vachimupomera mhosva yokuva munhu akadzokera kumashure.

<sup>68</sup> Maive muri muawa iyoyo huru, maive muri munguva iyoyo huru, yaive nguva iyo Mwari vakaendesa Jobho kumajecha

anoyera; uko kwaVanoendesa mutendi wese, kuchiitiko, uko kuseri kwegwenga, sezvaVakaita Mosesi; mukanzvimbo kaduku kari pakavanda, uko kwaVakakuendesa; muchimba chemarasha, uko kwandakaUgamuchira. Mwari vane nzvimbo, nechinangwa, nenguva. Zvino paVakava naJobho ari muchinhano ichochi, Vakava naye pamajecha anoyera, nokuti Vakanga vari kuzozarura chimwe chinhu kwaari, chisingazombobvi.

<sup>69</sup> O, nokuda kwemajecha aya anoyera! Vanofanirwa kuendesa mwana wese chaiye ipapo. Vanokuendesa panzvimbo idzodzo, uko kusina kana dhimoni rinogona kuuya. Hakuna mudzidzisi angakwanisa kuti handiWo netsananguro. Vanokupa chimwe chinhu pamajecha seri ikoko, chiri chechiitiko, chausingafe wakanganwa chero bedzi mazera achienda mberi; zvisinei mukusatenda kuti kuna Mwari zvakadini kwaamai vako, baba vako, murume wako, mudzimai wako, vaunowadzana navo, vangave. Mutendi wese wechokwadi ane nzvimbo iyoyo apo Mwari vakasangana naye. Hapana kana mumwe anosara. Mutendi wese anapo. Munhu wese akaberekwa neHumambo hwaMwari anoziva nzvimbo iyoyo, miniti yacho, awa yacho apo Mwari pavakamutora. Zvino pamajecha anoyera aya, muHupo hwegwenzi raipfuta, Vakaita chimwe chinhu kumutendi uyu, icho pfungwa dzose dzemunyika hadzaikwanisa kuparadza. “Pamusoro peDombo iri, Ndichavakira Kereke yaNgu, uye masuwo egehena haazoIparadza.” Pamusoro peDombo iri, chizaruro chepamweya chaJesu akamuka kuvakafa! Pamusoro peDombo iri!

<sup>70</sup> Jobho, mukutambudzika kwake, zvinhu zvose zvaenda. Mudzimai wake akanga amupandukira, uye akanga achimupomera. Uye shamwari dzake dzose dzevatendi dzakanga dzamupandukira nokuda kwekuti vaingova bedzi nedzidzo yebhaibheri. Uye nevamwe vose vakanga vamupandukira.

<sup>71</sup> Asi Mwari vakati, “Huya pano, Jobho. Ndichakupa chimwe chinhu, mukomana. Ndichaisa mauri chimwe chinhu icho madhimoni ose egehena haagone kuchizunzira kunze.” Uye mu...Mudzidzisi wese munyika anokwanisa kukupomera, neimwewo nzira, asi izvozvo hazvibve. Munoziva zvaakaita? Vakangosimudza keteni zvishoma, ndokuti, “Jobho, tarira uko!” Zvino Jobho akaoneiko? Munofunga kuti akaonei? Akaona Esta, kwekutanga kwayo. Akaona Esta yekutanga, zvino akadanidzira, “Ndinoziva Mudzikinuri wangu anorarama!”

<sup>72</sup> O, inzvimbo yakaropafadzwa zvakadini yokuve uri! Munhu wese akasarudzwa naMwari, nemudzimai nemwana wese, anouya panzvimbo ipapo pamajecha anoyera, uko Mwari vanosimudza keteni zvino woMuona musimba raKe rerumuko. Unoziva kuti Anorarama. Uye isu, saJobho, tinogona kudandizira, “Ndinoziva Mudzikinuri wangu anorarama, uye pamazuva okuguma Achamira panyika. Kunyangwe

makonye emuganda akaparadza mutumbi uno, asi munyama iyi ndichaona Mwari.”

<sup>73</sup> Kuonekwa kuya kwekutanga kweEsta kwakaita kuti muporofita adanidzire. Zvino mitinhiro yakawomba, nemheni dzikavaima. Akaona Esta, pakutanga kwayo. Akaiona riinhi? Kwete paakanga akapfeka hanzu dzake dzakanaka; kwete paakanga akakama vhudzi rake, zvichida, zveMANDOROKWATI; kwete apo paakanga aine hutano hwakanakisisa. Asi paakanga ari mudambudziko, paakanga arere mudambudziko, panguva iyo, uye potse yerufu rwake, ndipo paakaona Esta. Ndipo paakaona rumuko rwekutanga.

<sup>74</sup> O, zvanga zvakafanana kwauri nekwandiri. Ndeapo paya patainge takarara paartari, pane imwe nzvimbo, kusvikira takanga tagadzirira kufa, zvino ndokuti, “Ishe Mwari, ndiitireiwo chimwe chinhu!” Ndipo pachopapo Mwari vakasimudza keteni zvino tikaona Esta.

<sup>75</sup> Tinoona Esta, kwete nenzira yedzidzo yebhaibheri, zvakananyanya. Hatina kumboona Esta, sokupfeka hanzu itsva. Hatina kumboona Esta, setutsuro tudiki nemazai akapendwa. Tinoona Esta musimba rerumuko rwaIshe Jesu Kristu. Ndiyo yaiva Esta yechokwadi.

Zvino paakadanidzira, Mwari vakapindura neMoto.

<sup>76</sup> Akanga ari Dhavhidhi paakarambwa uye adzingwa munyika. Akanga ari Dhavhidhi, mushure mokunge aita chivi ndokupara mhosva iya yaiva yakashata kwazvo. Akanga ari Dhavhidhi paakanga achishamisika uye mwanakomana wake akanga atorwa, mufaro wemoyo wake. Akanga ari Dhavhidhi, muporofita namambo, akadanidzira paakaona kuti akanga ave kukwegura, uye achifanira kudzokera kuguruva renyika. Akanga ari Dhavhidhi akati, “Naizvozvo, nyama yangu ichazorora mutariro, nokuti haAzoregi Mutsvene waKe achiona kuwora, uyewo haAzosiyi mweya waKe mugehena.”

<sup>77</sup> Pakanga pari apo Dhavhidhi akanga ari kuva nenguva yake yakaipisira. Pakanga pari apo Dhavhidhi akanga achishamisika uye achitambudzika, zvino panguva iyoyo yerufu, potse, ndipo apo Mwari vakasimudza keteni, ndokuti, “Tarira kumusoro, Dhavhidhi!”

<sup>78</sup> Dhavhidhi akati, “Nyama yangu ichazorora mutariro, nokuti haAzosiyi Mutsvene waKe achiona kuwora. Uyewo haAzosiyi mweya waKe mugehena, saka nyama yangu ichazorora mutariro.”

<sup>79</sup> O, panenge pari panguva iyoyo, shamwari. Panenge pari panguva iyoyo. Munenge muri munguva idzodzo dzakakosha, dzokurovererwa patinoona rumuko. Munguva idzodzo, apo Mwari pavanofarira kuratidza nyasha dzaVo. Munenge muri munguva idzodzo apo Mwari pavanofarira kunyaradza vana vaVo.

<sup>80</sup> Nguva yerima gurusa nyika ino yayakati yamboona yaive paChishanu Chakanaka; apo tariro dzose, zvose zvakanyorwa, tariro dzose dzavaiva nadzo dzaive izvo zvakanga zvakanyorwa pabepa. Tariro dzose dzavaiva nadzo dzaive izvo zvakanga zvakataurwa nemumwe muchenjeri, zvino heunoi uyo Muchinda weHupenyu ari kufa paKarivhari. Yaive nguva yerima gurusa yati yamboonekwa nenyika.

<sup>81</sup> Asi Esta yakaunza nguva yakajekesesa iyo nyika yati yamboona, nokuti zvose zvokutenda zveMasaramusi pamwe nokupokana kwese, nokutya kwese, zvakabviswa Mwari pavakaMumutsa.

Sei kwaiva nerima? Chii chinoita kuti kuve nerima?

<sup>82</sup> Ngatiteverei, sokutaura kwandamboita munguva shoma yapfuura, pamusoro peshiri, pamusoro pamaruva. Kuti, sei maruva eEsta achidombera paEsta? Sei shiri dzichiimba mupfumvudza yegore? Sei maruva achidombera? Nokuda kwekuti kuri kuuya zhizha. Chii chinovyiita? Muna Kukadzi, sokunge ndiwo mwedzi wakaipisisa watakava nawo, chando changa chiri kuuya, chichiuya, chichiuya, chichiuya, kusvikira charova kekupedzisira, zvararo chinobva chadzokera, kuti chisiire hupenyu nzira. Rufu rwarova kekupedzisira. Rwunofanira kuchisuduruka rworega hupenyu huchiva nenzvimbo yahwo.

<sup>83</sup> Chii chinoita kuti kuve nerima zuva risati rabuda? Kune rima gurusa kana zuva roda kubuda. Tinoudzwa, nevesainzi, kuti chiedza chinenge chichimanikidzira, chichiuya, chichidzika pasi. Zuva riri kubuda panyika. Chiyedza charo chiri kumanikidzira rima. Riri kurova kekupedzisira. Harichakwanisa kumira zvachose. Rima harikwanise kumira muhupo hwechiedza. Harigone kuzviita. Chiedza chakasimba kudarika rima zvakapetwa mamiriyoni gumi, saka chiedza nerima hazvigone kugara pamwe chete. Zvino chiedza pachinotanga kusimuka, rima rinoungana zvino robva rakora. Chiri kurimanikidzira pamwe chete.

<sup>84</sup> Sezvakangoita sekudonhedzera ingi mubha—bhavha rizere nejiki. Harichisipo zvachose. Hapachisina hutema hweingi kana richinge radonhedzera mujiki. Rinobva rava jiki, pachezvaro.

<sup>85</sup> O, ndiyo nzira iri chivi. Kana chichinge chadonhedzera muRopa reMuponesi, chinenge chisisipo zvachose. Chatoenda. Ndosaka Akati, “Chiri mugungwa rekanganwiro.” Bhavha rejiki yaMwari mokuti hachizombowanikwi zvachose. Chinongonyangadika. Hachisisipo. Ndiyo nzira iri chivi, kana wangonyatsoona rumuko rwechokwadi pamwe nemubhadharo wakabhadharirwa rumuko urwu.

<sup>86</sup> Rima, richiungana pamwe chete, nokuti nenguva isipi richanyangadika. Zvino chiedza pachinongouya, rima hapachisina. Rinoenda kupi? Chii chaitika kuusiku

huya hutema, maawa mashoma apfuura, ranga rakazara patabanakeri ino? Harichisipo iko zvino. Zuva rave kupenya. Ko raendepi? Ndekupi kwarakwira richienda, kana kuti ndekupi kwaradzika richienda? Razenge risisipo zvachose. Zvino chikonzero kwanga kune rima, nokuda kwekuti kwanga kusina chiedza.

<sup>87</sup> Zvino chikonzero sei munhu akanga asina tariro, kwakanga kusati kwambova nerumuko. Asi Esta yakaunza rumuko. Zvino rima harichisipo. Kwava neChiedza.

Tichafamba muChiedza ichi, Chiedza ichi  
chakanaka,  
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Chinopenya chakatipoteredza, masikati  
neusiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.

<sup>88</sup> Usiku hunoenderera mberi, uye ngatizviisei izvi zvino kune zvepanyika. Ino ndiyo nguva ine rima gurusa, nguva ine rima gurusa iro nyika ino yati yamboona. Kunyangwe zvisikwa zvinodendera. Kamwekamwe, nyika ino yose inogona kuva guruva. Chii chinoitika pakuputika kune... nekuputika kwehydrogen kana—kana—kana oxygen, kana mamwe emabhambu makuru aya, kuputika kwemaatomu? Muti wese, huswa hwese, zvinhu zvose, bazi rose, chinangwa chose, munhu wese, zvinhu zvose, zvinongomeduka kuita zvidimbu zvodzokera kumaacid. Munoono zvazviri? Pasi rose riri kudendera. Pane mabhambu akagadzirira.

<sup>89</sup> Zvinhu zvose zvinoita sokunge zvakanyatsogadzwa panguva. Zvino kana rima rine nguva yaro yakatarwa, ko zvakawedzera zvakadini kuti Chiedza chive neyacho yakatarwa!

<sup>90</sup> Chii chiri kukuita kuti kunge kuine rima rakadai? Chii chiri kuita zvinhu izvi? Makereke ose haawadzane. Tiri kukakavadzana. “O, pane here? Ndiri muMethodisti. Ndiri muPresbyteriani. Ndiri muPentekosti. Ndiri wehechi of God. Ndiri muAssemblies.” O, hamusi kuona here, vana? Dai zviri izvo zvoga zvataimira pazviri, taizova vanhu vakanyanyisa kusuwa munyika.

<sup>91</sup> Ndinofara kwazvo nokuda kwekanzvimbo kadiki, kanoyera, kanzvimbo kadiki kari zasi kuno muna Ohio Avenue, muchimba chemarasha, umwe usiku, apo Mwari vakasimudza keteni. Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Pentekosti, ose akabhururuka achienda ipapo, nokuti ndakaona Esta. Ndakaona Jesu seMuponesi wangu. NdakaMuona serumuko neHupenyu. “Uyo anotenda maNdiri—Ndiri, kunyangwe akafa, asi achararama. Ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haazombofi.” NdakaMuona saMambo oga naSamasimba,

chinhu choga chinogona kundibatsira, Mupi wega weHupenyu Husingaperi, iYe oga anokwanisa kupodza hurwere hwangu, anokwanisa kubvisa hosha yangu, Anozokwanisa kundimutsa mumazuva okupedzisira. Akangondiita kuti nditarise seri kwechidzitiro, uye ndakaMuona, rumuko. Zvino ndakabatana naJobho, “Ndinoziva Mudzikinuri wangu anorarama!” Zvino mushure mokunge pachisina Methodisti, kana Baptisti, kana Presbyteriani, kana Pentekosti, Mudzikinuri wangu achange achingorarama zvimwe chetezvo.

<sup>92</sup> Unogona kuti, “Saka, *izvi* zvakadai, uye *izvo* zvakadai; kunze kwekunge waita *izvi*, kunze kwekunge waita *izvo*.”

<sup>93</sup> Ndinoziva zviri nani, nokuti ndakatarisa seri kwechidzitiro chenguva. Ndakanga ndiri pamajecha anoyera; nemutendi wese ari muno. Hakuna dhimoni rinogona kubata jecha iroro. Hapana chiremba wedzidzo yebhaibheri anokwanisa kutsanangura kuti hazvisi. Akandipodza pandairwara. Akandiponesa pandakanga ndakarasika. Anorarama nokusingaperi.

Ndibvunze kuti ndinoziva sei kuti Anorarama?  
Anorarama mukati memoyo wangu.

Haana kufa, asi Akamutswa kubva kuvakafa.

<sup>94</sup> Zvino rima guru iri riri kuzeya pamusoro penyika iko zvino, hapana chimwe kunze kwekuratidza kuti Chiedza chiya chave kumanikidzira nzira yaCho chichidzika pasi.

<sup>95</sup> Apa rufu rwakaremba nepedyo kwazvo, zvokuti rwunogona kuvapo muawa imwe chete. Muawa imwe chete kubva zvino, nyika inogona kusangana nerufu rwayo. Kana rufu rwakaremba nepedyo zvakadaro, chii chiri kuzviita? Hupenyu, Hupenyu huri kuuya; rumuko, Esta yevana vose vaMwari. Yakaremba iri zasi. Iri kumanikidzira. Ngirozi dziri kudzika pasi. Mweya Mutsvene mukuru uri kupinda. Rima riri kutora mukana waro wekupedzisira, nokuti Chiedza chichange chava pano nokukasika. Kristu achauya, mufaro netariro yemazera, rumuko chairwo rwevatendi vose. Nokuti tichagoverana naYe murumuko rwaKe, sokugoverana kwatakaita naYe mukutambudzika kwaKe. “Uyo anotambudzika neNi achatonga neNi.”

O, zvararo, ndingafanira here kutakurwa kuenda Kumusha Kudenga ndiri pamutambarakede,  
Apo vamwe vakarwa kuti vawane mubairo ndokupfuura nemumakungwa eropa?  
Kwete, ndinofanira kurwa kana ndichazofanira kutonga. Wedzerai hushingi hwangu, Ishe.

<sup>96</sup> Ndiwo munamato wangu. O, handifanire kuenda sembende. Handifanire kungofamba, zuva nezuva, nemusoro wangu wakaremba pasi, sokunge pane chimwe chinhu



chakaipa kwazvo. Kana ndikatarisa nyika pamwe nerima ravo rose, nekungoenderera mberi kwavo kwese; ndinofanira kusimudza musoro wangu, ndofamba nemusoro wangu uri pakati pezvapungu, ndichiziva izvi, kuti, “NdinoMuziva musimba rekumuka kwaKe.” Nokuti iYe anorarama, nesuwo tinorarama. Nokuti Akamuka kubva kuvakafa, ndichamukawo zvakare. Uchamukawo zvakare. Ndizvo zvinoreva Esta kumutendi.

<sup>97</sup> Imwe nguva yakapfuura, uko mune. . .Hondo Yepasi Rose Yokutanga yakanga iri kurwiwa. Vakanga vaine mweya mikuru ine chepfu yavakanga vakanda, yakaita semweya wemustard nechlorine, uye yaive nenjodzi kwazvo. Waichetura zvinhu zvose. Mashizha aifa, miti yaifa, uye sora raifa, zvinhu zvose, apo mweya uyu (mweya wemustard uyu) waizozvipisa pavainge vaikanda.

<sup>98</sup> Mumwe mufundisi wemasoja, mamwe mangwanani eEsta, akanga achidzika achidarika nemumate—tende umo vakakuvadzwa nevaive vari kufa vainge vakarara.

<sup>99</sup> Mumwe mukoti weRed Cross akauya nepo. Vakomana vakanga vava kwairwirwa hondo kwenguva yakareba, kunze uko, vakanga vanganeta kwazo. Saka akanga aine bu—butwa remaruva muruwoko rwake, zvino paaipfuura nepanhowo imwe neimwe duku painge parere vakomana ava, vachichema. Yakanga iri Esta. Yaive Esta yakadini kwavari; ndege dzaibhururuka nepamusoro, mabhambu achidondedzwa! Aitora ruva re rose obva apa kune mumwe nomumwe wevakomana, achiti, “Mwari vakuropafadze. Mwari vakuropafadze, hanzvadzikomana.” Masoja aya aibata ruva iri zvakasimba zvino voridza mhere, nokuti vaiziva kuti ruva iri rakarimwa kunyika kwavanobva.

<sup>100</sup> Hama, mangwanani ano, tiri munyika yemweya ine njodzi ine chepfu. Tiri munyika umo mhando dzose dzedzidziso nezvinhu, zvinoti, “Hakuna rumuko. Uye hakuna kupodza kwaMwari. Hakuna *ichi*, kana *icho*, kana *chimwe*.” Asi, kwete mukoti weRed Cross; asi Mweya Mutsvene unouya ipapo, apa neapo, zvino wotiunza uko pamajecha aya anoyera enyasha dzaMwari, wobva wadururira mumoyo medu kachiratidzo kaduku kanobva Kunyika iri mhiri kwerwizi.

<sup>101</sup> Akati, “Shamwari yangu, muparidzi,” ndokuti, “Ndakamira ipapo ndikachema, kusvikira ndakanga ndichichema kwazvo, kusvikira ndakati. . .Mumwe wevakomana akanga ari kuenda nemudhudhudhu, kunze uko kwairwirwa hondo, kunze tadarika La Salle, Lorraine, zvino akati akanga ari kuenda kunze ikoko kunoita imwe mhando yeku—kunotsora. Zvino ndokuti. . . Ndakati kwaari, ‘Sajeni, ndingaendawo nemi here?’ Iye akati, ‘Zvirokwazvo, mufundisi, svetukirai mukati muno.’ Akati, ‘Muri kuzvitorera yenyu moga. . .’ Ndokuti, ‘Zvakangonaka. Ndiri

kungoda kuenda newe.’ Akati, ‘Zvirokwazvo, svetukirai mukati muno.’”

<sup>102</sup> Akati, “Takatyaira dzamara tasvika zasi mugwenga riya rakatsva, makanga musina kana katsuri zvako keuswa kana chii zvacho.” Uye akati, “Apo paainge ari kuronga zvinhu zvaashandisa, kuti aizotumira shoko raidzokera, kana chero zvaainge achizoita,” akati, “Ndakafamba-famba ikoko zvishoma. Ndakafunga, ‘O, ko ino haisi here imwe Esta! Kunze munyika ino, uko mabhambu akawondomorera zvivakwa zvose pasi, uko miti yakamonyororerwa pasi, nembumburu dzezvigwagwagwa, hapana kana katsuri kehuswa kakasara.” Akati, “O Mwari, uyu mufananidzo wenyika ino, mamwe emazuva ano, kana chivi chatora mukana wacho. Uyu ndiwo uchava mufananidzo wacho.”

<sup>103</sup> Zvino ndokuti, “Pfungwa yangu—yangu nemeso angu akakwezverwa kune rimwe dombo.” Zvino ndokuti, “Ndakaenda ikoko, ndokufunga, ‘Ishe, chii chaMuri kundidiira kuti ndimire pane dombo iri?’” Akati, “Ndakangosimudza dombo mudenga, zvino, pandakadaro, rimwe ruva diki reEsta rakanga rakasimudza musoro waro. Rakanga rachengetedzwa nemudutu rose. Nemose mumweya ine chepfu, haina kumborinetsa, nokuti rakanga rakavanzwa mudombo.”

<sup>104</sup> “Ndinoziva Mudzikinuri wangu anorarama.” O Mwari, zvisinei nezvinotaurwa nyenika, ndivanzei muDombo reMazera, Ishe. Kana madutu apfuura, regai ndisimudza musoro wangu kuhupenyu zvakare. Nokuti Anorarama, tinoraramawo zvakare. Ko mutendi angati kudini, uyo anga ari pamajecha, uyo ari chapupu chezvinhu izvi? “Ndinoziva Mudzikinuri wangu anorarama.”

<sup>105</sup> Kereke, nyika, iye...vari kuenda kukereke mangwanani ano; vakawanda vavo, kunoratidza bhatye idzva; vamwe vavo, kunoratidza nguwane itsva. Havazovaoni kusvikira Esta inotevera zvakare. Kuenda kunze kunoratidza nyika pamwe nezvisina maturo. Vazhinji vavo vari kuenda kukereke, kungonohwanda kuseri kwezvivi zvavo uye nokuva nhengo dzemasangano makuru, uye vachiti, “Ndini *Nhingi-nhingi*. Ndiri nhengo ye*Kwakati-kwakati*.” Ndizvo zvoga zvavanoziva. Ndizvo zvoga zvavakatenda.

<sup>106</sup> Asi, o, kwatiri isu, mangwanani ano, nyenasha dzaMwari, takamira panzvimbo pakambomira Mosesi; takamira panzvimbo pakambomira Jobho; takamira panzvimbo pakambomira Dhavhidhi; uye tinodanidzira neinzwi redu rose, “Ndinoziva Mudzikinuri wangu anorarama, uye pamazuva okupedzisira Achamira panyika ino; kunyangwe kana makonye emunyama akaparadza mutumbi uno, asi, munyama yangu ndichaona Mwari, Uyo wandichazvionera ndega; meso angu achaona, kwete mamwe. Hapana chatakaunza muno munyika;

ndeizvo zvisina maturo nekuzvikudza. Mazvirokwazvo kuti hapana chatinobuda nacho. Ishe vakapa uye Ishe vakatora, Zita raShe ngariropafadzwe.” Chinhu chimwe chete chaaiziva, “Mudzikinuri wangu anorarama!” Kwete, “Achararama.” “Anorarama,” kuenderera mberi nokusingaperi. “Anorarama!” Zvino nokuti... Jesu akati, “Nokuti Ndinorarama, nemiwo munorarama.”

<sup>107</sup> Ngatikotamisei misoro yedu, kwechinguvana zvino, kuitira munamoto wekuvhara.

<sup>108</sup> O, nhasi, shamwari yangu inonzwisa urombo, yakaparara, kana usati wambouya panzvimbo iyi! O, unoti, “Ndainge ndiri pano patabhanakeri, kakawanda, Hama Branham.” Zvakaisvonaka. Ndinozvikoshesa izvozvo. “O, ndakamboenda kune mamwe machechi. Ndakanzwa vashumiri vakanaka vachitaura.” Zvakaisvonaka. “Ndinoverenga Bhaibheri rangu.” Zvichakangonaka.

<sup>109</sup> Asi wati wambosvika here panzvimbo paAkasimudza keteni, nzvimbo iya inoyera uko chimwe chiitiko chakarova moyo wako; zvokuti unoziva kuti Esta yaisava imwe ngano; zvokuti unoziva kuti Esta yaisava mumwe Santa Claus, imwewo ngano duku yakangodaro; zvokuti unozvizivira pachako, kuti Anorarama; uye nokuti Anorarama, newewo unorarama? Kana usati wambova nechiiitiko chazvo, ino ndiyo nguva yakanakisisa, panyika, yekurega Mwari vachisimudza keteni, mangwanani ano. Jesu mupenyu. Akasununguka, panyika, mangwanani ano. Ndiye Muponisi wako nhasi; zvichida Mutongi wako mangwana.

<sup>110</sup> Asi hausati wambosangana nechiiitiko ichi here? Kana usina, haungasimudza ruwoko rwako here, zvino woti, “Mwari, ivai netsitsi kwandiri. Ndave kutenda zvino?” [Chibenga patepi]... munhu kumashure uko, neruoko rwake. Mwari vakuropafadzei, changamire, necheuko. Mumwe munhuzve simudza mawoko ako.

<sup>111</sup> Mose muri muno zvino, vasina kumbova nechiiitiko ichocho, ungasimudza ruwoko rwako, woti, “Mwari, mangwanani ano, munzira yeNyu yeMweya... HandiKukumbirei kana kukuudzai kuti Munofanira kundipa sei, Ishe. Asi, munzira yeNyu momene yeMweya, Ishe, hamunganditora here kuenda neni panzvimbo iyi apo chimwe chinhu chinoitika mumoyo mangu? Ndakava nenguva dzangu dzakanaka nedzakaipa, nezvangu zvinouya nezvangu zvinoenda, uye handimbokwanisi kugara ndakadzikama, neimwe nzira. Asi iyi ngaive Esta yemazvirokwazvo kwandiri. Ndiendesei panzvimbo iyi, Ishe, seri kwegwenga. Ipapo umbaiwo moyo wangu, iko zvino. Uye ndipeiwo majecha anoyera aya okumira paari, apo pokuti hakuna dhimoni, kana hapana chimwezeve, kana mumwe munhu angataura chimwe chinhu kwandiri, ndinoziva kuti ndezvemazvirokwazvo. Regai nditarise seri kwechidzitiro

chenguva, kune ramangwana. Ndosaka ndauya pano, mangwanani ano, Ishe, kuti ndizviwane. Ndanzwa muparidzi achiedza kuzvitsanangura. Ndinoda kuti Muzvizarure kwandiri.”

<sup>112</sup> Ungasimudzawo here ruwoko rwako? Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadze, uye newe uri kumashure uko, murume wechidiki. Uye Mwari ave newe. Kuruboshwe rwangu kuno, uko kuruboshwe kwakagara vanhu. Kuruboshwe rwangu, mumwe munhu haangati here, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi, iko zvino.” Mwari vakuropafadze, nechekumwe kuno uko kwakagara vanhu. Hongu. Simudza ruwoko rwako, woti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi.” Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki.

Ndasuwa kumusha uye ndaneta, uye ndinoda kuona Jesu,  
Ndoda kunzwa mabhero aya anotapira epachiteshe chezvikepe achirira;  
Zvinozokesa gwara rangu pamwe nokunyangaditsa kutya kwose;  
Ishe, regai nditarire seri kwechidzitiro chenguva.

<sup>113</sup> “Regai ndingotarisa zvishoma, ndione Jesu murumuko rwaKe.” Pangava nemumwezve here tisati tavhara nemunamato iye zvino? Chingoperera. Simudza ruwoko rwako. “Handisati ndambova nechitiko cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, Hama Branham.” Ndirwo rwandiri kutura nezvarwo. Ndiyo nzira yoga yamunogona kuva vadyi venhaka yevimbiso, kubudikidza—kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Munozviziva izvozvo. Ndiko kubarwa kwako. Ndiro jecha rako rinoyera. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadze kumashure uko, mwanakomana. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadze kumashure. Ndizvozvo chaizvo. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadze, muchinda wechidiki.

Ishe, itai kuti nditarire seri kwechidzitiro chenguva.

Regai nditarire seri kwechidzitiro chekusuwa nekutya,  
Regai ndinzwe mabhero aya anotapira epachiteshe chezvikepe achirira;  
Zvinozokesa gwara rangu pamwe nokunyangaditsa kutya kwose;  
Ishe, regai nditarire seri kwechidzitiro chenguva.

<sup>114</sup> [Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era *Seri Kwechidzitiro Chenguva—Mupepeti.*] Kana wakamira

panzvimbo iyoyo, yokuti hautombozivi kuti uri kupi! Anga ari maoko gumi kana gumi nemashanu asimudzwa. Ndinonzwa kuti pachine vamwezve. Mangwanani ano eEsta, wadini wasimudza ruwoko rwako uye woti, “Ishe, ndiri pano. Zvino kana chidziva chiya chazarurwa na eleven o'clock, ndichange ndirimo imomo mumvura macho, zvakare. Ndiri kuenda kunobhabhatidzwa, kuti ndizomutswa muHupenyu hutsva, kuti ndifambe neMi, Ishe. Ndinoda kutarisa seri kwechidzitiro chenguva. Ndinoda kuva nechitiko iko zvino, mangwanani ano eEsta, chokuti ndizogona kuti, chero nguva hayo muhupenyu, ‘Hongu, ndakanga ndigere mutabhenakeri duku yemazidhinha, mamwe mangwanani akaisvonaka eEsta. Mwari vakasimudza chidzitiro. Ndakatarisa seri kwacho. Ndakaona kuti kereke yangu haicharevi zvakawanda. Ndakaona kuti hapana chinhu panyika chichareva zvakawanda kwandiri zvachose. Ipapo ndakatengesa zvose zvakawanda ndinazvo. Ndakatenga Parera remutengo wakakura. Ndakagamuchira Jesu seMuponesi wangu.’ Ndinosisimudza ruwoko rwangu zvino, Ishe Mwari. Ndinzwireiwo tsitsi. Mwari, ndinoda kutarisa seri kwechidzitiro chenguva.” Pangava nemumwezve here tisati tavhara iko zvino?

<sup>115</sup> Mwari vanodikanwa, ino inguva yekudzamisa pfungwa. Tiri kufadzwa nemaropafadzo. Tafadzwa neShoko. Tafadzwa zvinodarika zvatinogona kutsanangura; Hupo hweMweya Mutsvene, Uyo atipa kugutsikana kukuru uku, kuti tadarika, uye tadarika kubva—kubva murufu tichipinda muHupenyu. Uye pane avo vari pano zvino, Ishe, vazhinji vavo, vasimudza mawoko avo. Ino inguva yekudzamisa pfungwa.

<sup>116</sup> Zvichida vakadzidziswa mune chimwe chikoro chezvekunamata. Vanogona kunge vakatungidza makenduru. Vanogona kunge vakadzokorora minamato, pazvuma. Vanogona kunge vakajoinha rimwe sangano; vakanyudzwa neimwe nzira, vakadirwa mvura mumusoro mavo, kana kusaswa. Vanogona kunge vakadzokorora Chitendwa chevaApostora ndokupfuura nemutsika dzekunamata. Asi havasati vakambosvika pajecha iri rinoyera, havasati vasvika panzvimbo iyo sezvakaite Jobho, saMosesi, saAbrahama, sezvakaite vana veNyu vose. Havana kumbouya panzvimbo iyoyo sevadzidzi vava vakaenda kubwiro, mangwanani aya, ndokusvikowana Aenda.

<sup>117</sup> Zviitei, Ishe, iko zvino, avo vasimudza mawoko avo, kuti Mweya Mutsvene mukuru agouya mumoyo yavo uye agoita basa guru iri ratiri kukumbira. Tinzweiwo, Ishe. Ivo ndeveNyu. Ndivo zvizereko zveMharidzo. Ndinonamata kuti Mugovaropafadza, zvinoshamisa. Ipai kwavari rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nhasi.

<sup>118</sup> Uye hatizive, tinogona kusazoonza imwezve Esta. Pasina kupokana pane vamwe vari muno vasiri kuzokwanisa; kwete imwe Esta yakafanana neino, imwe Esta iri serangaridzo. Asi, Ishe, dai vaona Esta iya yemazvirokwazvo, iyo iya, Ishe, apo

mutumbi wavo uchaumbika muchimiro chejaya kana mhandara, zvakare, vobuda vachibva mubwiro, kuzogara nokusingaperi.

<sup>119</sup> Varopafadzei, Ishe. NdeveNyu. Imi ndiMi Mavadhonza. Nokuti zvakanyorwa, “Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vaNgu vamudhonza kutanga.” Iye zvino vave veNyu, kana Mavadhonza. Kana Muri pedyo zvakakwana kwavari, kudhonzera mawoko avo mudenga, Muri pedyo zvakakwana kuita rimwe basa rose rasara. NdeveNyu, Baba. Zviitei kuti ino igova nguva yerugare kwavari.

<sup>120</sup> NdinoKutendai nokuda kweavo vakaita sarudzo yavo karekare, uye vakawana chiitiko chehupenyu hutsva, vakamira pamajecha anoyera. Tiri pano mangwanani ano tichifara pamwe chete navo, mutariro dzeKuuya kwaIshe Jesu, apo nesuwo zvakare ticha—tichawadzana naYe, murumuko rwaKe, sekuwadzana kwatakaita mumatambudziko aKe. Zviitei, Ishe. Dai Mweya waKe watitungamira nekutiratidza gwara, patiri kufambira mberi nerwendo.

<sup>121</sup> Tipei shumiro yakakura, zvino, pana nine-thirty, Ishe. Uye pakarepo podzai vanorwara nevanotambudzwa.

<sup>122</sup> Dai avo vasati vambonyudzwa nazvino, vauya kubwiro mangwanani ano, vogoenda zasi, vomuka zvakare mubwiro remvura pano, Ishe, izvo zvakarairwa naShe vedu. Mushure merumuko rwaKe Akaonekwa zvino ndokuti, “Endai munyika yose, munoparidza Evhangeri. Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa.” Itai, Ishe, uye zvichava saizvozvo.

<sup>123</sup> Tipeiwo husiku hukuru, nhasi manheru. Itai, Baba, mutipe zuva guru. Dai tikafadzwa neHupo hwaMwari kwenguva refu. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>124</sup> Pangori nechimwe chinhu pachimbo chiya chakare, chinongoita chimwe chinhu kwandiri! Kana rima raenda, chii chinenge chaitika? Chiedza. Regai tichiimbe zvino, kuti Mwari vawane mbiri. Munhu wese, pamwe chete zvino.

O, tichafamba muChiedza, Chiedza  
chakanaka,  
Chinouya apo madonhwe etsitsi akajeka;  
Chichipenya pose chakatipoteredza, masikati  
nemanheru,  
Jesu, Chiedza chenyika.

<sup>125</sup> PaAkamuka mangwanani eEsta, Akapwanya rima rose; rakabva rangotiza. Iye zvino Akamira seChiedza. “Ndini rumuko neChiedza, rumuko neHupenyu, rumuko nezviri mberi.” Zvose muna zvose zviri maAri.

<sup>126</sup> HamuMude here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Vangani vanoMuda? Simudzai mawoko enyu, mudenga chaimo. Zvakanaka izvi.

<sup>127</sup> Kwazisana zvino nemumwe munhu agere padyo newe, patiri kuimba zvakare. “Ticha . . .” Kurudyi, kuruboshwe, kumashure, kumberi. “. . .Chiedza chakanaka.” [Hama Branham vanobva pamaikirofonu yepapurupiti—Mupepeti.]

<sup>128</sup> Shumiro dzichatevera, zvino, pana nine-thirty, zvino zvadaro kuchazova neshumiro yekuparidza, munamoto wevanorwara. Shumiro yerubhabhatidzo ichaveko ichitanga na eleven o'clock. Imi mose munoda kubhabhatidzwa, nekunyudzwa; chidziva chazadzwa. Ndichaunza nguwo dzangu. Tichadzoka muchinguva chidiki.

<sup>129</sup> Zvino, manheru, kuchava neimwe shumiro manheru, iri kuuya, mutsara wekupodzwa, Mharidzo, nemutsara kwekupodzwa. Uye tichaona. . .Saka, manheru husiku hwechirairo kutabhanakeri, zvakare. Tichaona; tine chirongwa chine zvakawanda zvokuita, saka tinofanira kukurumidza zvino. Endai kunzvimbo dzenyu dzamakapiwa, mova nokudya kwemangwanani, modzoka, muchifara.

<sup>130</sup> Apo takamira zvino tichiimba, “Anorarama, Anorarama, Kristu Jesu anorarama nhasi.” Zvakanaka, Hama Neville, mungauyawo here kuno.

Anorarama, Anorarama, Kristu Jesu  
anorarama nhasi!  
Anofamba neni nekutaura neni munzira nhete  
yehupenyu.  
Anorarama, Anorarama, kupa ruponiso!  
Unondibvunza ndinoziva sei kuti Anorarama?  
Anorarama mukati memoyo wangu.

<sup>131</sup> Zvino, munhu wese, ziguru zi “Hareruya!” [Hama Branham neungano vanoti, “Hareruya!”—Mupepeti.]


Anorarama, Anorarama, Kristu Jesu  
anorarama nhasi!  
Anofamba neni nekutaura neni munzira nhete  
yehupenyu.  
Anorarama, Anorarama, kupa ruponiso!  
Unondibvunza ndinoziva sei kuti Anorarama?  
Anorarama mukati memoyo wangu.

<sup>132</sup> Ngatichiimbei zvakare. Kana tasvika pokuti, “Anorarama, Anorarama,” ngatisimudzei mawoko edu kwaAri, *kudai*. “Anorarama. Anorarama. Ndibvunze kuti ndinoziva sei kuti Anorarama? Anorarama mukati memoyo wangu.” Munhu wese zvino.

Anorarama, Anorarama, Kristu Jesu  
anorarama nhasi!  
Anofamba neni, Anotaura neni munzira nhete  
yehupenyu.

[Hama Branham vanotaura nemuwe munhu—  
Mupepeti.]  
Unondibvunza ndinoziva sei kuti Anorarama?  
(Zvakanaka, zvino.) Anorarama mukati  
memoyo wangu.

<sup>133</sup> HaAshamise here? Nguva ino inoyera, yekudzamisa pfungwa zvino, apo tichiparadzaniswa, kuti tiende kumisha yedu kunova nekudya kwamangwanani. Dzokai, muchifara.

<sup>134</sup> Ndichakumbira, tichikotamisa misoro yedu, kana Hama yedu inodikanwa Foulst pano, vanobva kuCanada, kana vakatiparadzanisa neshoko remunamato. Hama Foulst, kana mungadaro. 



*NDINOZIVA MUDZIKINURI WANGU ANORARAMA* SHO58-0406s  
(I Know My Redeemer Liveth)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani eEsta pakubuda kwezuya, 6 Kubvumbi, 1958, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)